



# Premye 10 Bagay Pou W Konnen...

## Konsènan Sistèm Asirans Chomaj Lè Wap Reklame Benefis Chak Semèn

Asirans Chomaj (AC) founi èd finansye tanpòre a moun ki kalifye ki pèdi travay yo san ke se pa fòt yo epi ki kontinye ranpli obligasyon kalifikasyon AC Massachusetts yo.

Se pa tout moun ki pèdi travay yo ki gen dwa patisipe nan pwogram lan.

Kenbe premye dis fè enpòtan sa yo antèt lè wap aplike pou benefis AC sa yo pou asire pou yo peye w bonjan valè benefis a epi byen rapidman.

### Pou plis enfòmasyon,

tanpri ale nan  
[www.mass.gov/dua](http://www.mass.gov/dua)  
oswa rele 617-626-6800.  
Nou la pou ede.

- 1 Ou Disponib pou Travay.** Pou ke ou ka resevwa benefis, fòk ou toujou verifye ke ou kapab, disponib ak vle aksepte travay ou ka fè.
- 2 Aktivman Chèche Travay.** Fòk ou chèche travay chak semèn oubyen yo ka refize benefis yo.
- 3 Deklare Nenpòt Ki Salè Ou Touche.** Fòk ou deklare konbyen lajan ou fè avan taks pou chak semèn ou travay. Deklare tout lajan ou fè – enkli pat-tym oswa travay tanpòre.
- 4 Dèske Ou Rekomanse Travay, Sispan Reklame Benefis yo.** Ou paka resevwa benefis AC aprè ou komanse travay ke yo ta peye w ou non.
- 5 Byen Presize Rezon Ou Pap Travay.** Li enpòtan ke ou byen presize rezon pou separasyon an si ou reaktive reklamasyon w pou benefis yo.
- 6 Anrejistre ak Massachusetts One-Stop Career Centers.** Pou ka kalifye pou benefis yo, ou oblije patisipe nan yon Seminè Sant Metye [Career Center Seminar] kote ou pral apran sou resous ki disponib pou ede w jwenn travay ankò.
- 7 Devlope yon Plan Rechèch Travay Efikas.** Rele Sant Metye lokal ou an pou ede w planifye yon rechèch travay efikas.
- 8 Evite Erè ak Asire Bon Peyman Benefis yo.** Pou evite erè ki ka fè yo peye w anplis, li tout enfòmasyon yo ba ou.
- 9 Swiv Tout Règleman yo pou Evite pou Ou Kòmèt Fwòd.** Nenpòt moun kap resevwa benefis AC legalman responsab pou swiv règleman yo. Ka gen konsekans grav si w pa swiv règleman yo, enkli aman, penalite epi menm pran prizon.
- 10 Kon Responsabilite W epi Mande pou Èd.** Ka gen konfizyon pou navige nan sistèm AC an. Si ou gen yon kesyon, rele Depatman Èd Chomaj Massachusetts [Massachusetts Department of Unemployment Assistance] pou yo ede w.